

**POU MINÈ YO - KONSEKANS ARESTASYON W, KONSEKANS REpons OU BAY LÈ W AP PLEDE POU REPONN AKIZASYON
YO FÈ KONT OU YO, AK KONSEKANS PWOSE W LA**

Konsekans arestasyon w

1. Yo te pran anprent dijital ou ak foto w. Yo te voye enfòmasyon sa a bay Depatman ki Responsab Aplikasyon Lalwa nan Florida (*Florida Department of Law Enforcement: FDLE*), ki limenm voye l bay Biwo Envestigasyon Federal (FBI). Menmsi ou se yon minè, ou fèt pou konnen ke FDLE vann enfòmasyon w bay nenpòt moun ki peye pou li.
2. Ou pap ka efase dosye arestasyon w nan biwo FBI a paske FBI pa sele ni li pa siprime dosye arestasyon. Sepandan, ou ka gen posiblite pou efase dosye arestasyon w genyen nan FDLE, toudepann de kisa ki pase nan ka delenkans ou an.
3. Dosye arestasyon w lan pa disparèt ni li pa ale okenn kote lè w vin gen laj 18 an. Dosye arestasyon w lan pa prive ni li pa konfidansyèl. Nenpòt ki moun ki vle wè dosye a ka wè l.
4. Ou fèt pou konnen ke dosye FDLE ou pa konplè. Lè yo fèmen ka w la, mande avoka w la pou l ba w yon kopi sètifye ki gen desizyon final yo pran nan ka w la. Sa pral ede w bay esplikasyon pi klè alavni si nenpòt moun ta poze w kesyon sou dosye jivenil ou.
5. Lè yo te arete w la, yo te fè yon entèvyou avèk ou nan Sant Evalyasyon Jivenil (*Juvenile Assessment Center*), epi repons ou te bay nan entèvyou sa a, gen anpil chans ke Depatman Jistis Jivenil (*Department of Juvenile Justice: DJJ*) ap kenbe repons sa yo pandan 25 lane.
6. Si w pat fèt nan peyi Etazini epi w pa gen "alyennkat" (kat rezidans pèmanan), yo ka depòte w.

Konsekans si w dakò pou plede Koupab oswa pou pa Konteste akizasyon yo oswa si, nan Fen Pwosè w la, Jij la Deklare Ou kòm Delekan (si Jij la di ou Koupab poutèt akizasyon an)

7. Jij la ka mande w pou bay yon espesimèn ADN ou si li kondane w pou yon krim grav oswa si li pa ofisyèlman kondane w pou yon krim grav. Si jij la deklare ou se yon "delenkans jije" se menm bagay avèk yon kondanasyon.
8. Ou ka oblije anrejistre w antanke yon delenkans seksyèl (sa vle di non w pral parèt sou Entènèt la antanke delenkans seksyèl), si w gen laj 14 zan oswa si w pi gran epi yo deklare ou koupab poutèt yon krim grav ki se agresyon seksyèl, zak brital ki ofansif ak sal, zak ofansif ak sal ki gen agresyon, epi lòt moun lan poko gen laj 16 zan. Gen posiblite ke w ka pa oblije anrejistre w antanke delenkans seksyèl, si lòt moun lan gen ant 14 e 17 tan daj; epi jij la kwè ke toulede moun yo te konsanti pou yo fè zak la (sètadi nou toulede nou te dakò pou n te fè zak la) san yo pat fòse ni kontrenn pèsòn.
9. Si yo te arete w oswa kondane w (oswa si yo pat kondane w ofisyèlman) poutèt yon akizasyon ki gen rapò oswa ki motive pa zak seksyèl antanke yon minè, yo ka itilize sa kont ou alavni pou yo fèmen w nan prizon pandan lontan, menmsi w fin pase tan prizon yo te ba ou nan santans ou an.
10. Yo ka mete w deyò lekòl oswa yo ka oblije w ale nan yon lòt lekòl. Menmsi ka w la te rive anndan lekòl la oswa andeyò pwopriyete lekòl la, yo pral fè lekòl ou konnen kisa ki pase e ou ka oblije ale nan yon lòt lekòl si yo deklare ou koupab poutèt akizasyon ki di ou bay kou oswa ou fè agresyon, poutèt ou bay kou oswa ou fè agresyon grav sou yon responsab lekòl la, oswa poutèt ou pote oswa posede zam-a-fe, dwòg oswa zam nan lekòl la, nan yon pwogram lekòl la òganize oswa nan nenpòt sèvis transpò ki sou kont lekòl la, oswa poutèt ou fè menas oswa fo rapò.
11. Si w gen moun ki rete nan lojman piblik oswa nan lojman "Seksyon 8 [Section 8]", yo ka pa kite w rete avèk moun sa a oswa yo ka pa kite w ale wè moun sa a.
12. Yo ka sispann lisans ou oswa pèmi pou aprann kondui w si akizasyon yo gen rapò ak dwòg, posesyon dwòg, si ou te eseye achte oswa bay yon minè alkòl, si ou bay fo laj pou ka jwenn alkòl, si ou posede oswa itilize zam-a-fe, si ou se yon moun ki nan kache oswa ki nan mawon poutèt yon krim grav, si w fè desen grafiti, si w vòlè machin, si w fè gaz epi w sove ale san peye, si w vòlè nan magazen oswa nan jaden moun, oswa si w derespekte kondisyon tribinal la.

13. Yo ka pa kite w antre nan militè, toudepann de tip ak kantite jijman yo pwononse yo. Si w se yon delenkan jije oswa si yo deklare ou koupab poutèt vyolans domestik (enfraksyon oswa krim grav), ou pap ka antre nan militè ni w pap ka yon ofisyè ki ranfòse lalwa.
14. Si yo kondane w oswa si yo pa kondane w ofisyèlman poutèt yon krim grav, legalman ou pa ka posede zam-a-fe toutotan w poko gen laj 24 an. Sepandan, si yo kondane w antanke adilt, gen anpil chans ke w pap janm ka achte ni posede kèlkeswa tip zam-a-fe a.
15. Gen posibilite ke ou ka pa kapab mande yon jij pou l efase oswa retire dosye jivenil ou (sele oswa siprime), toudepann de akizasyon an e toudepann de rezilta ka w la. Yo pral efase dosye jivenil ou otomatikman lè w vin gen laj 24 an oswa 26 zan, si yo pat arete w oswa kondane w (oswa si yo pat kondane w ofisyèlman) kòm yon adilt pou kèlkeswa krim lan, sòf si w fè sèten krim seksyèl.
16. Ou pap ka jwenn okenn padon ni okenn klemans poutèt yon krim ou te komèt antanke yon jivenil.

Konsekans si yo kondane w antanke adilt poutèt yon krim grav (anplis de bagay ki make pi wo yo)

17. Ou pap ka jwenn èd finansyè pou peye kolèj nan Leta Florida (*Bright Futures, Gold Seal Vocational & Academic Scholars*). Ou pap ka jwenn èd finansyè federal pou etidyan (sibvansyon, prè, oswa asistans travay), pandan yon peryòd tan, si yo te kondane w poutèt ou te posede sibstans ki sou kontwòl oswa ou tap vann sibstans ki sou kontwòl pandan w tap resevwa èd finansyè.
18. Ou pap ka fè yon demann pou yo sele ni siprime dosye arestasyon w antanke adilt ni antanke jivenil.
19. Ou pral pèdi dwa ou genyen pou vote, pou okipe yon pòs piblik, pou ka sèvi kòm yon manm jiri, pou genyen oswa pou posede zam-a-fe oswa pou pote zam ki kache sou ou, si w gen 18 an oswa si w pi gran lè yo kondane w la. Nan sèten ka, yon fwa w fin ranpli santans ou, yo pral pèmèt ou egzèsè dwa sa yo ankò (yo pral retabli yo).
20. Si yo kondane w poutèt yon ofans seksyèl, ou pral oblije anrejistre w antanke yon delenkan seksyèl oswa predatè seksyèl. Ou pap ka rete nenpòt kote w vle.
21. Ou pap kalifye pou resevwa kupon pou achte manje (*food stamps*) si yo kondane w pou trafik dwòg.
22. Gen anpil chans ke ou ka oblije pase yon tan obligatwa nan prizon si alavni yo akize w dèske w komèt krim grav oswa yo ka ba w yon santans ki pou fè w pase plis tan nan prizon poutèt akizasyon ki baze sou enfraksyon oswa sou krim grav. Si yo te deja kondane w anvan poutèt yon krim grav, ki enkli yon jijman antanke yon jivenil, yo ka ba w yon santans obligatwa ki pou fè w pase plis tan nan prizon.
23. Ou pap ka jwenn travay nan:
 - leta oswa nan minisipalite a si yo te kondane w poutèt trafik dwòg oswa si w te kondane w poutèt nenpòt krim grav oswa yon enfraksyon lye degre "ki konekte dirèkteman" ak travay la;
 - yon konte oswa nan yon minisipalite (si travay la se yon travay ki kapital pou sekirite oswa pou sekirite piblik);
 - fòs-de-lòd, ajans koreksyon oswa nenpòt ajans ki travay avèk timoun oswa granmoun aje;
 - sistèm eskolè a, nan yon pò maritim oswa nan yon ayewopò.
24. Yo ka itilize kondanasyon w lan kont ou menm si w temwaye, pou yo ka domaje kredibilite w.
25. Yo ka mete foto w nan sitwèb Depatman Koreksyon (*Department of Corrections*), si yo ba w santans libète pwovizwa siveye oswa santans nan prizon leta.
26. Yo pral revoke lisans travay ou si yo kondane w poutèt ou t ap vann dwòg.
27. Si yo te ba w yon kondanasyon oswa si yo pat kondane w ofisyèlman poutèt yon enfraksyon oswa yon krim grav, yo ka refize ba w yon lisans pou travay oswa pou fè biznis, kòm pa egzanp lisans pou travay nan domèn swen sante tankou asistan enfimyè sètifye, enfimyè ki gen lisans pou pratike, teknisyen nan swen dijans medikal (EMT) ak pwofesyonèl paramedikal, enfimyè otorize.

YO EKRI DOKIMAN SILA A POU REZON EDIKATIF SÈLMAN E LI PA REPREZANTE KONSÈY LEGAL.

Yo revize dokiman sa a le 14 me 2015

Se Carlos J. Martinez, Ruck Deminico, Kevin Hellmann ak Tamara Gray ki te konpile l

LAW OFFICES OF PUBLIC DEFENDER CARLOS J. MARTINEZ
 1320 NW 14 STREET ♦ MIAMI FL 33125 ♦ 305/545-1600 ♦ WWW.PDMIAMI.COM